# МЕДИА МАКАНДА МӘЛИМЛЕМЕ ХЫЗМЕТИ ИНФОРМАЦИЯ ЖЕТКЕРИЎШИ ДЕРЕК СЫПАТЫНДА

**Каллибекова Гулнара**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети оқытыўшысы*

**Калмурзаева Айман**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети студенти*

***Resume.*** *Information services in the media space is one of the sources of information communication. Scientific research in each area, statistics, facts and analyzes, described in interaction.*

***Key words:*** *statistics, structure, fact, analysis, reform, technology, function.*

***Резюме.*** *В медиапространстве информационные услуги являются одним из источников передачи информации. Научные исследования, статистические данные, факты и анализ в каждой области изложены во взаимосвязи.*

***Ключевые слова:*** *статистика, информация, факт, анализ, реформа, технология, функция.*

Глобалласыў дәўири мәлимлеме технологиялары раўажланған дәўир екенлиги бәршемизге белгили. Инсанлардың жаңадан-жаңа информацияларды алыўға болған талабы күннен-күнге артып бармақта. Сол себептен хәр бир салада болып атырған реформалардан хабардар болыў, информацияға болған мүтәжлигинен келип шығып пүткил дүнья жүзи көлеминде жәмийетшилик пенен байланыслар хәм мәлимлеме хызмети деп аталған тараудың пайда болыўына тийкар болды.

Мәлимлеме алыўда лаўазымлы шахслардың жәмийет алдында есап бериуи, ашықлығы хәм жуўапкершилигин тәмийинлеў ўазыйпасы пайда болады. Бундай басқарыў имканиятлары хәм жәмийетшилик пенен байланыслар тап усы мәлимлеме хызметлери аркалы жолға қойыу мүмкин болады. Редакциялардың жәмйетлик пенен байланыс орнатыўында редактор-журналист-оқыўшы арасындағы үшлик байланысты атап көрсетиўимизге болады. Бул байланыс редакциялардың шөлкемлестириўшилик уқыбы жоқары екенлигинен дерек береди [3].

Журналистиканың ажыралмас бир бөлеги сыпатында, сондай-ақ жәмийет хәм мәмлекет ортасында өз-ара байланысларды қәлиплестириўде мәлимлеме хызмети  тийкарғы көпир ўазыйпасын атқарады. Пуқаралардың мағлыўмат алыў ҳуқықын тәмийинлеў мәмлекет органлары хәм жәмийет ортасындағы бирге ислесиўди жолға қойыў процесстиң қурам бөлимлеринен есапланады [2]. Өз нәўбетинде  мағлыўмат алыў ҳуқықын әмелге асырыў, мәмлекет хәм халық ортасында еки  тәреплеме байланысларды жаксы жолға қойыу, қоллап-қуўатлаў хәм раўажландырыў менен байланыслы органларының бундай функциясын мәлимлеме  хызмети ислеўи мумкин.

«Жәмийетшилик пенен байланыслар – бўл арнаўлы басқарыў  функциасы болып, оның жәрдеминде шөлкем хәм жәмийетшилик ортасындағы түсиниў хәм бирге ислесиўди орнатыў, түрли машқалалар хәм мәселелерди шешиў имканияты жаратылады. Шөлкемниң жәмийетшилик пикири ҳаққында хабардар болыўына хәм оған өз ўақтында жуўап бериўге жәрдем береди. Жуўапкерлердиң тийкарғы ўазыйпасы – жәмийет мәплерине хызмет етиўди белгилейди хәм оған итибар қаратады. Басқарыўшыларды хәр қандай өзгериске таяр турыўға хәм оннан нәтийже көриўлерине жәрдем береди. Ҳәр қандай қәўипли жағдайлардан «ерте хабарландырыў  системасы» ўазыйпасын атқарады хәм қолайсыз тенденцияларды тәртиплестириўге  жәрдем береди. Изертлеўлерди хәм де ашық хабарларды, этикалық нормаларға тийкарланған мүнәсибетлерди қолланады» [1]. Мәлимлеме хызмети – бўл мәмлекетлик органлар, шөлкем яки коммерциялық жәмийетлердиң информация сиясаты менен шуғылланыўшы хәм оны әмелге асырыўда қатнасыўшы тийкарғы буўыны есапланады. Ол төмендеги ўазыйпаларды әмелге асырады:

1.Кәрхана яки шөлкемлердиң имиджин жаратыўға жәрдемлесиў;

2.Кәрхана яки шөлкемлер хәм жәмийет ортасындағы байланысларды қәлирлестириў;

3.ҒҚХ менен коммуникацияны тәмийинлеў;

4.Медиа брефинг, пресс-тур, пресс-конференция сыяқлы илажларды шөлкемлестириў;

Мәлимлеме хызметкери лаўазымында ислеўши шахста ең әўели жазыў шеберлиги кәлиплескен болыўы керек. Себеби ол өз билими, дөретиўшилик шеберлиги, пикирлеў кәбилети арқалы жәмийетшиликтиң итибарын тарта

алыўы сөзсиз. Мәлимлеме хызметкери өз ўәкиллиги шеңберинде төмендеги хукыкларға ийе болады:

1. Компания яки шөлкемлер атынан информатсия тарқатыў;
2. Мәлим бир тематика бойынша мас-медиаға интервью бериў;
3. Белгиленген нызамшылық бойынша мәлимлеме хызметкери шөлкем баслығының мәсләхәтшиси ямаса орынбасары лаўазымына ийе болыў;
4. Бийкарлаў хабарын бериў;
5. Медиа менен байланыслы брефинг, конференцияларды шөлкемлестириў;

Мәлимлеме хызметкери жәмийетшилик пенен байланысларды жолға қойыўда коммуникация қуралларынан пайдаланыўы керек болады. Буларға масс-медиа, мәлим бир адамлар топары, баннер яғный рекламалар киреди. Булардан мақсетке муўапық пайдаланыў арқалы жәмийетшилик ортасында унамлы хәм позитив пикирлерди кәлиплестириўге мўмкиншилик жаратады.

Жуўмақлап айтқанда, медиа маканда мәлимлеме хызметлери информация жеткериўши дерек сыпатында нәтийжели хызмет етип келмекте. Ҳәр бир тараў тек ғана терең излениў, талапшаң болыў, хәрекет етиў арқалы раўажланады. Тараўлар турмысы менен таныстырыўшы мәлимлеме хызметкерлери усы талапларға әмел етсе бул тараў еле де раўажланыўдың шыңына жетеди деп исеним менен айтыўымызға болады. Солай етип, жоқарыда келтирилген мағлыўматлардан келип шығып жәмийетшилик пенен байланыслар хәм мәлимлеме хызмети тараўының раўажланыўы еле де даўам ете береди. Сол көзқарастан бул бағдарды да арнаўлы монографиялық планда үйрениў баслы ўазыйпалардың бири екенлигине итибар қаратыўымыз тийис.

**Әдебиятлар:**


1. Нишонова Г, Шукурова Г, Қосимова Н, Ўсаров О, Ўролова Д, Алимов Б. Замонавий медиа муҳитда ПР – хизматлар. – Тошкент: Ўзбекистон НМИУ, 2019. – Б. 6
2. Машарипова Т. Публицистика теориясының бир пүтин концепциясы: илимий методологиялық анализ (Қарақалпақстан баспасөзи материаллары мысалында). – Тошкент, 2016. – Б. 89.
3. Каллибекова Г. Редактор-журналист-оқыўшы байланысы («Қарақалпақстан жаслары» газетасы мысалында). Глобалласыў процеси ҳәм ғалаба хабар қураллары хызмети. Илимий мийнетлер топламы. – Nókis: QMU, 2016. – B. 86-90.